Maithili

# भारतक संविधान

## प्रस्तावना

हम, भारतक लोक, भारतकेँ एक [1]**[संपूर्ण प्रभुत्वसंपन्न समाजवादी पंथनिरपेक्ष लोकतंत्रात्मक गणराज्य]** बनएबाक हेतु, एवं ओकर समस्त नागरिककेँ :

सामाजिक, आर्थिक ओ राजनैतिक **न्याय,**

विचार, अभिव्यक्ति, विश्वास, धर्म

ओ उपासनाक **स्वतंत्रता,**

प्रतिष्ठा ओ अवसरक **समता**

प्राप्त करएबाक हेतु,

एवं ओकरा सभमे

व्यक्तिक गरिमा एवं [2][राष्ट्रक एकता ओ

अखंडता] सुनिश्चित करएवला **बंधुताक**

वृद्धिक लेल

दृढ़ संकल्प भ' **अपन एहि संविधान सभामे** आइ दिनांक 26 नवंबर 1949 ई. केँ **एतद् द्वारा एहि संविधानकेँ अंगीकृत, अधिनियमित ओ आत्मार्पित करैत छी।**

---

1 संविधान (बियालिसम संशोधन) अधिनियम, 1976 केर धारा 2 द्वारा (3-1-1977 सँ) "प्रभुत्वसंपन्न लोकतंत्रात्मक गणराज्यक" स्थान पर प्रतिस्थापित।

2 संविधान (बियालिसम संशोधन) अधिनियम, 1976 केर धारा 2 द्वारा (3-1-1977 सँ) "राष्ट्रक एकता" क स्थान पर प्रतिस्थापित